

*Piblikasyon sa gen ladan enfòmasyon a pati 6 Jiyè 2020.*

## FAZ 3 nan Reouvèti NYC: Sa Travayè yo Dwe Konnen



**Manje anndan p'ap fè pati de Faz 3 a. Eta a ak Vil la pa't fikse yon nouvo dat pou manje anndan yo. Vizite [nyc.gov/workers](https://nyc.gov/workers) pou nouvèl ak enfòmasyon yo.**

A pati Lendi 6 Jiyè 2020, kòm yon pati nan Faz 3 a, biznis Swen Pèsonèl yo ka ouvri ankò nan Vil New York. Biznis Swen Pèsonèl yo gen ladan:

- Kosmetoloji
- Terapi masaj
- Espesyalite zong
- Spas
- Enstalasyon pou tattoo ak pèsaj
- Bwonzaj iltravyolèt (UV) ak ki pa UV
- Epilasyon

Si w'ap travay nan yon biznis ki kouvri, fè lekti piblikasyon sa pou konnen kèk nan kondisyon jeneral ak espesifik endistri a ke anplwayè ou a dwe respekte. W'ap jwenn konsèy detaye nan [forward.ny.gov](https://forward.ny.gov). Ou ka rele **311** tou pou Liy Dirèk pou Pwoteksyon Travayè oswa **1-212-436-0381** avèk kesyon konsènan reouvèti, enstriksyon sante ak sekirite pou espas travay la, oswa pou rapòte yon anplwayè ki pa respekte kondisyon reouvèti yo.

### Kondisyon Jeneral Tout Anplwayè yo Dwe Respekte nan Reouvèti Biznis yo

<p><b>Kominikasyon ak Depistaj</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Afiche yon plan sekirite nan espas travay ou kote ou ka wè li.</b></li> <li>• <b>Fòm ou menm ak kòlèg travay ou yo sou pwotokòl sekirite ak ijyèn yo.</b></li> <li>• <b>Fè yon egzamen sante anplwaye yo chak jou.</b></li> </ul> <p>Anplwayè ou a dwe voye lakay anplwaye yo ki malad oswa ki vin malad.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Afiche pano pou anplwaye yo ak piblik la ki gen enfòmasyon konsènan pwotokòl sekirite ak ijyèn yo.</b></li> </ul>
<p><b>Ekipman pwoteksyon</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Bay ou menm ak kòlèg travay ou yo bagay pou kouvri figi gratis epi bay ranplasman.</b></li> </ul> <p>Anplwayè ou a dwe fòm ou ak kòlèg travay ou yo sou fason pou itilize, netwaye, ak jete ekipman pwoteksyon an.</p> <p>Anplwayè ou a dwe asire ke anplwaye yo mete bagay pou kouvri figi yo lè yo ap travay avèk kliyan yo ak lè distans 6 pye de lòt moun pa posib.</p>
<p><b>Ijyèn, netwayaj, ak Dezenfeksyon</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Bay ak kenbe estasyon ijyèn men pou pèsonèl la, ki gen ladan lave men avèk savon, dlo, ak sèvyèt papye, ansanm ak yon dezenfektan men ki gen alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou zòn kote lave men yo pa posib.</b></li> <li>• <b>Netwaye ak dezenfekte regilyèman espas komen yo ak sifas ak objè yo touche anpil souvan, e o mwen chak jou.</b></li> </ul> <p>Egzanp yo gen ladan manch kabinè, kote pou met men sou chèz, manch pòt, asansè, balistrad, entèripte limyè, sal resepsyon, manch pòt frijidè, twalèt.</p> <p>Anplwayè ou a dwe netwaye ak dezenfekte espas ak sifas ke kliyan an itilize—pa egzanp, chèz yo, kabin bwonzaj—aprè chak itilizasyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Limite pataje ekipman ak zouti yo epi netwaye ak dezenfekte regilyèman estasyon travay yo, ekipman yo, ak zouti yo aprè chak itilizasyon.</b></li> </ul> <p>Egzanp tankou òdinatè, telefòn, kès anrejistre lajan, zouti pou netwaye.</p> <p>Si li pa posib pou limite pataje oswa pou netwaye ekipman akoz domaj potansyèl nan ekipman, anplwayè ou a dwe mande pou anplwaye yo mete gan.</p>

## Distans fizik

- Afiche pano epi mete tep oswa lòt makè pou asire yon distans 6 pye ant moun yo, ni nan zòn kote kliyan yo chita.
- Mande kliyan ak vizitè yo pou mete yon bagay pou kouvri figi yo nan tout moman, a kondisyon ke yo gen plis pase 2 ane e medikalman kapab tolere bagay pou kouvri figi yo.
- Limite okipasyon anndan an a 50% kapasite maksimòm nan yon zòn.

*Pou Swen pèsònèl, kapasite maksimòm gen ladan travayè, kliyan, vizitè yo.*

Pou ti zòn tankou twalèt ak sal repo yo, anplwayè ou a ta dwe afiche pano pou mete restriksyon okipasyon an.

- Limite reyinyon an pèsòn yo plis ke posib.
- Etabli zòn yo deziyen yo pou livrezon ak ranmasaj pou limite kontak an pèsòn plis ke posib.
- Fèmen tout espas komen ki pa esansyèl, tankou sal atant.

## Kondisyon pou SWEN PÈSONÈL

Anplwayè ou a dwe:

- Swiv tout regleman sou sante ak sekirite nan Depatman Sante Eta New York (DOH), Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (OSHA), ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC).
- Swiv konsèy DOH pou nenpòt zòn kote moun manje oswa bwason.
- Itilize pwodwi ki idantifye pa Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) Etazini efikasman kont COVID-19 pou netwaye ak dezenfeksyon.
- Fèmen sauna, chanm vapè, ak lòt sèvis ki fèt nan espas ki fèmen kote distans sosyal la difisil.
- Entèdi antre sof si kliyan yo mete yon bagay pou kouvri figi yo ak entèdi sèvis tankou swen vizaj ki ta ka oblije kliyan yo pou retire yon mask figi.
- Bay swa yon plak pwotèj figi oswa linèt sekirite an plis bagay pou kouvri figi lè w'ap travay avèk kliyan yo.
- Netwaye ak dezenfekte espas, zouti, ak ekipman ki pataje aprè chak kliyan. Tankou chèz, tab masaj, kote pou repoze tèt, kabin bwonzaj, ansanm ak zouti ki kapab itilize ankò ak ki pa jete. Ta dwe gen ase tan ant randevou yo pou netwaye ak dezenfeksyon.
- Asire ou ke anplwaye nan biwo yo ak kès anrejistre lajan yo kenbe yon distans 6 pye sof si gen yon baryè fizik tankou plèksiglas. *Anplwaye yo dwe mete yon bagay pou kouvri figi yo te mèt gen yon baryè oubyen pa genyen.*

### Anplwayè Terapi masaj ak Spa yo Dwe:

- Asire ou ke anplwaye yo mete yon bagay pou kouvri figi yo ak yon plak pwotèj figi oswa pwoteksyon pou je lè y'ap fè masaj sou kliyan yo nan yon pozisyon fas atè sou yon tab masaj.
- Asire ou ke tab masaj yo gen yon bagay pou kouvri figi ki pwòp e dezenfekte—pa egzanzp, yon fouwo zorye koton nan yon bèso pou vizaj—lè kliyan yo nan yon pozisyon fas atè oswa evite pozisyon sa.
- Asire ou ke kliyan mete yon bagay pou kouvri figi yo lè yo chanje sòti nan yon pozisyon fas atè a yon pozisyon kouche sou do oswa sou kote pandan masaj yo.
- Chanje epi lave dra yo ant kliyan yo epi sere yo nan kontenè ki apwopriye ant itilizasyon yo.

### Anplwayè Salon Zong ak Epilasyon yo Dwe:

- Netwaye ak dezenfekte atik yo aprè chak kliyan. Tankou kivèt ak bòl men ak pye; stasyon sechaj men ak pye; resipyan sir; sèvyèt; bòl dwèt yo; spatul. *Ou pa kapab double aplikatè yo.*

### Anplwayè Tattoo ak Pèsaj yo Dwe:

- Asire ou ke anplwaye yo retire egwi yo ki soti nan pake sele yo anvan chak pwosedi kliyan.
- Itilize razwa ki pwòp e ki pa itilize epi jete yo san pèdi tan aprè ou fin itilize yo.
- Asire ou ke anplwaye yo mete gan ki ka jete aprè lè y'ap travay avèk kliyan yo.